Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 28 (7532)
7 июль
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

# Районалъул АТКялъул данделъи

## (ГIахьаллъана РДялъул АТКялъул член – Правительствалъул Председатель ГI-М. ГIабдулмуслимов)



5 июлалда районалъул администрациялда РДялъул Правительствалъул председатель ГI-М. ГIабдулмуслимовасул нухмалъиялда гьоркь букIана муниципалитеталъул терроризмалде данде чIеялъул комиссиялъул данделъи. Гьелъул рамкаялда жаниб тIадчIей гьабуна общественнияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда, лъай кьеялъул объектал терроризмалдаса цIуниялда, гьединго социалиял кIвар бугел бакIазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда ва цогидалги суалазда.

АТКялъул заседание рагьулаго ГI.-М. ГIабдулмуслимовас бихьизабуна Дагъистан Республикаялда гьаб соналда оперативияб хIалтIи букIине кколеб куцалда гIуцIун бугин. Гьелдаго цадахъ цIунун хутIун ругин цIиял террористическиял группаби рижиялъе ресал, гьелда гъорлъ цере рукIарал радикалиялгун динияб бербалагьи бугел гIадамазул асаралдалъун,-абун.«ГIемералсаназулхIаракатаб хIалтIул хIасилалда регионалда цо хIалалда ккун чIезабизе кIун буго терроризмалъулгун экстремизмалъул рахъалде гьетIарал такъсирал рижунгутIи. Гьаб соналда тIатинабизе кIвана I5 балъго хIалтIулеб террористлъиялъулал ячейкаби. 2022 соналъул I июналда нахъчIвана 3 террористлъиялъулаб такъсир, тIатинавуна 2 бандит, ккуна 37 боевик ва гьезул кумекчагIи,-ян бихьизабуна гьес регионалъулго хIалтIул хIасил гьабулаго.

Унсоколо районалъул бугеб хIалалъул бицунаго ГI. ГIабдулмуслимовас бихьизабуна, гьабсагIаталда халкъазда гьоркьосел терроризмалъул организациязул кьеразулъ ихтияр букIинабиялъул ишазде данде ругин къватIисел пачалихъазул территориязда ругел анцI-анцI Унсоколо районалдаса гIадамал. «Лъугьун бугеб ахIвал-хIалалъ бихьизабулеб буго хадубккун терроризмалъулаб хIинкъи букIин лъугIиялъе тIадеги тадбирал гьаризе ккей. Гьеб мурадалда кутаклъизабизе ккола адресияб къагIидаялъул хIинкъи бугел гIадамазулгун гьабулеб профилактикияб хIалтIи. Терроризмалъул хIинкъи букIиналдаса цIунизе ккола лъай кьеялъул ва цогидалги кIвар бугел объектал, цIодорлъи букIинабизе ккола гIемерал гIадамал ракIарараб ва туристал рачIарал бакIазда,-ян тIадчIей гьабуна хадубги премьерас.

Правительствалъул бетIерас унго-унголъунги тIадчIун бихьизабуна гIолилазда гьоркьоб гьабулеб хIалтIулъ терроризмалъулаб хIинкъи т1аг1инабиялде ракI-ракIалъ кIвар кьезе кколин. «Нужеца хIисабалде росарал ва тIоритIулел тадбирал тIаса бихьиялъе, ай «для галочки» гьаризе бегьуларин, хIалтIи букIине кколин хасал масъалаби тIураялде буссараб ва ахIвал-хIалалда лъикIаб асар гьабулеб.

Унсоколо районалъул АТКялъул хIалтIуца бихьизабулеб буго араб соналда гIезегIанго ахIвал-хIалалда тIад лъикIаб асар гьабуледухъ г1уц1ун бук1араблъи. Амма рукIана щибаб къойил режималда лъугIизаризе кколел гIоларел рахъалги,-ян тIадчIей гьабуна хадубги ГIабдулмуслимовас.

Заседаниялда аслияб суалгун кIалъазе вахъа на «Унсоколо район» МОялъул бетIер – АТКялъул пред. ГI. НурмухIамадов. Гьес бихьизабуна оперативияб хIал гьабсагIаталда районалда гIодобе биччараб бугин. Розыскалда ругин халкъазда гьоркьосел терроризмалъул организациязда, ГIагараб Востокалъул улкабазда рагъулел, дагIба-рагIиялда ругел территориязда ругелги. «Аслияб къагIидаялъ хIинкъи бугел бакIаллъун ккола ГIагараб Востокалъул улкабазда нилъер районалдаса гIадамал рукIин. Гьел цересел такъсирил ишазда гIахьаллъиялъ, цо-цояз гьабуралъул жаваб кьезеги кьунин», бицана гьес. Данде гьарулел хIалтIабазул бицунаго бетIерас бихьизабуна районалда гьединазда гьоркьоб гьабулеб адресниябгун профилактикияб хIалтIи лъикI гIуцIун бугин. Терроризмалде данде чIараб хIалалда объектал цIуниялъе -2022 соналда цере рукIарал гIунгутIабиги лъугIизарун, хIалтIаби гьарулел руго, гьелъие биччан буго 960 азарго гъурущ гIарацги.

РДялъул НАКалъул ва терроризмалде данде чIараб комиссиялъул хIукмаби тIураялъе гьарулел хIалтIабазул бицана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам. М. ХIамзатовас. Гьес тIадчIей гьабуна районалда тIоритIулел ругел гIолилазул дандчIваязда, гьенире гьоркьоре динияб цIалиялъул гIадамал рачиналдаги т1адч1ей гьабуна. Гьединго гьес бицана гьаб соналъул тIоцебесеб бащалъиялда районалъул территориялде рачIанин Унсоколо районалдаса Украиналъул территориялда гIумро гьабун рукIарал 2 нилъер районалдаса гIадамал.



«Гьел районалъул территориялде рачIана 2022 соналъул 24 февраладаса хадуб Украиналда РФялъул СВОялъ хасаб операция гьабизе байбихьун хадуб. Гьезулгун нижеца гьабуна профилактикияб гара-чIвари,-ян тIадчIей гьабуна М. ХIамзатовас.

-ГIезегIанго хIалтIаби гьарулел руго республикаялъул СМИялде информация кьеялда хурхунги. Гьедин терроризмалъул такъсирал гьарун хадур туснахъалдаги рукIун рачIарал гIадамазулгун дандчIвай гьабуна РГВК «Дагестан» телеканалалъул журналистазул группаялъ. «Гьезда къокъал видеороликазда лъун бицунеб буго экстремизмалъулаб бербалагьиялъул бугел заралалъул».

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 28 (7532)
Хамиз
7 июль 2022 сон

2 гъумер

Дагъистан республикаялъул Правительствалъул Председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас хIукмуялда гъоркь гъулбасана 9 июль Къурбан-байрам букIинги хIисабалде босун. Гьеб къо ккана II июналде босизе. Ай нилъее рес буго итни къоялъ хIалхьи гьабизе.



Данделъи

## Социалиялгун экономикиял суалалгун



АТКялъул данделъи лъугIун хадуб районалъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялда буссараб данделъи тIобитIана ГI-М. ГIабдулмуслимовас. Гьев дандчIвана районалъул активгун, росабазул бутIрулгун.

ГI-М. ГIабдулмуслимовас бихьизабуна ахирияб саназда социалиябгун экономикияб рахъ цебетIезабиялда хурхун гIезегIанго лъикIаб динамика бугин районалда. Ремонтал гьарулел руго нухазе, ралел руго школал, лъималазул ахал, росабалъе бачунеб буго газ. Амма гьелдаго цадахъ руго системаялъулал захIмалъабиги. Гьел цо-цада хадур гъезарун гIумроялде рахъинаризе ккола, гьениб хIажалъула росабазул нухмалъиялъул хIаракатаб хIалтIи,-абун.

ГI-М. ГIабдулмуслимовас кIвар буссинабуна ракьазул участкаби тIад хъваялде, гьезул хIисаб-суал гьабиялде. Гьеб суал тIубазабиялъ рес кьезе буго росаби церетIеялъе, газ бачиналъул программаялда гъоркьоб гIахьаллъи гьабиялъе, цогидалги проектал тIураялъеги.

Бича-хиси ва даран-базар

## Ричарулезулъ иман щай гьечIеб?

Инсаният бижаралдаса бича-хисиги, даран-базарги букIана, гьабсагIатги буго, хадубккунги букIине бугилан абуни дун мекъи ккеларин ккола. Хасго гьаб заманаялъ гьеб гIемерлъун буго, къойидаса къойиде цIикIкIунебги буго. Цебе умумузул заманаялъ, ресги гьечIеб, язихъго ругеб мехалъги бича-хиси гIемераб букIана. Рачун хIамулгун



росабалъа-росабалъе, шагьаразде, районазде хьвадулаан пихъ босун цоял, гIоросаролъ босун цогидал, картошка, ламадур босун лъабабилел ва гь. ц.

Сардалги ран гьоболлъи-гьудуллъиги цIе хон, гьезухъеги щун, рази-ракиго тIад руссунаан умумал. Заман анагIан, техника цIикIкIанагIан даран-базар гьаби гIемерлъана. Кинабго жо базабуна гIарцуда. ГIарцухъ босила чакар, нахъеги бичила, хадубги гIарац гьабила...

РачIаха хал гьабилин бича-хисиялъул ва даран-базаралъул бугеб хIакъикъаталъул.

Нилъеда бихьула ва рагIула; замана-заманалдасан багьаби цин рахуна, цин гIодоре ккола. Хасго гьеб загьирлъула газги бензинги хиралъарабго, ай цогидабги хиралъула. Мисалалрачинин:1)Ханжухиралъула,гьелдаго цадахъ хандал нигIматалги хиралъула. Хадуб ханжу учузлъула, амма гьелъул нигIматал учузлъуларо. 2). Маршрутка, таксиялъухъ гIарац бахуна, бензин, газ учузлъаниги багьа гъобго хутIула. 3) Цо щиб букIаниги хиралъанин рагIани, гьагъаб параялъ анибги хира гьабула. Учузлъанин рагIани къоял рала, цо-цо мехалъ цебего гIадин тола багьаби. Хира гьабизе цIакъ хехго гIедегIула, учуз гьабизе бокьизего бокьуларо. БадибчIвай гьабуни, элъиеги гIиллаби ратула, жидеца эб хираго босун букIанилан. Гьеб буго ричарухъабазул иманалъул загIиплъи. Хираго гурони бичулебги гьечIони, гьеб жо даран-базар гуроха. БетIергьанас нилъеда кIиго нух бихьизабун буго: лъикIабги квешабги. ЛъикIаб нухдасан арав алжаналъуве, квешалъ арав жужахIалъуве унин. Кидаго кинабго жиндиейин лъугьине бегьуларо. ГIадат буго пайдаги ккелеб, заралги ккелеб. Гьеб кIиябго жо чорхолъ бессизабичIони, иман ц1унич1они гьев чияс даран-базар гьабизеги бегьуларо.

РачIа хъантIичIого гIумро гьабизин. Цо-цониги гьов босулев чиги вич1ч1изе ккола.

Аллагьас къуват кьеги лъикIаб гьабизеги квешаб тезеги! Аллагь гурхIаги киназдаго! КIочене бегьуларо рес вугевги гьечIевги унеб бакI цого букIин – Аллагьасул рукъ-хоб.

**Сулейман МУХIАМАДОВ.**
***Нижер мухбир***

Гинессил тIехьалде восарав

## Божизе захIматаб къуваталъул чи



30 июналда районалде вачIун вукIана чанго нухалъ Гинессил ТIехьалде восарав рекордсмен ГIумар ХIанапиев.

ГIадан-маргьо, Дагъистаналда бищун къуватав чи, жиндирго инсанасулъ букIунареб къуваталъ Маххулаб ца-кIал бугев,-ян цIар щварав ГI. ХIанапиев цеве кидани ги щун вукIинчIо районалде. Гьесулгун дандчIвай букIана муниципалитеталда. Роха-хинлъиялъул ахIвал-хIалалда къабул гьавуна гьев администрациялда. Рагьарал источниказдасан къватIибе лъана инсанасул букIине рес гьечIеб къуваталъул инсан ГIумар ХIанапиевас 60 ялдаса цIикIкIараб дунялалъул рекорд чIезабун бук1ин ва гьебл киналго Гинессил тIехьалде росун руго.

ТIоцебе дагъистаниязда ГIумар ХIанапиев лъана 30 соналъ цеве. Гьесул эбел Сакинат ГIумарова йикIана цIикIкIараб къуват бугей гIадан. Гьелъул цIар ун букIана халкъалда гьоркьоб, эбелалдасан щвараб буго ГIумарие ги гьеб. Х1анапиевасул баяназда буго чол тIикъва лъабго секундалда жаниб кIичIизаби. Гьединго 50 мм биццалъи бугеб цIулада кверaлъ I5 магI кьаби, гьел I,5 мин. цабзаз цIан рахъи ва цогидабги.

ЦIи-цIиял, тамашаял ишаздалъун гIадамал гIажаиблъизари гьоркьоб къотIизе толаро гьес, къуркъуризарула кверaлъ магIал, бихъун рехула маххул кесек, бетIералда тIад гъурула гамч1ал.

Х1анапиевасул тренировка уна лъагIалил бокьараб заманалда, киб бугониги батIалъи гьечIого.

ГIемерал гIолохъабиги куцана гьес жиндирго махщалие.

## Къурбан хъвеялъул хIукмаби

Къурбан хъвеялъул хIакъалъулъ КъуръаналдаI абулеб буго:

«Дуца дур БетIергьанасе гIоло, Гьев разилъиялъул мурадалда какги бай, Къурбанги хъве»,-ян.

Цоги хирияб аяталда буго:

«Аллагьасухъе нужеца хъурал къурбаназул биялги гьаналги щоларо, кинниги Гьесухъе щола Аллагьасукьа бугеб хIинкъи»,-ян. Унго-унголъун Аллагьасукьаги хIинкъун, Гьев разилъиялъул мурадалда Къурбан хъве, гьеб Аллагьас къабул гьабула».

Къурбан хъвезе ракIалда бугев чияс Зул-хIижжаталъул тIоцебесеб къоялдаса байбихьун Къурбан хъвезегIан черхалдаса я рас, я малъ къунцIичIого тезе суннатаб буго, ай къунцIизе карагьатаб буго.

Къурбаналъул хиралъиялъул хIакъалъулъ хирияб хIадисалда нилъер Аварагас (с. т. гI. в.) абулеб буго:

«Къурбан хъолеб къоялъ инсанас гьабулеб гIамалалъул бищунго Аллагьасе бокьулеб гIамал би гIодобе тIей буго, ай Къурбан хъвей буго». Гьебго хIадисалъул ахиралдаги буго:

**(Ахир 4 гъумералда)**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 28 (7532)
Хамиз
7 июль 2022 сон



**Садовод**

Страница в номере



# Что нужно знать о коррупции в сфере образования

ВАШ РЕБЕНОК ИДЕТ В ДЕТСКИЙ САД

Вы проживаете или зарегистрированы на территории района, значит вы можете подать заявление в Отдел образования района или в МФЦ. Отказать могут только в том случае, если нет свободных мест или представлен неполный пакет документов. Если руководитель детского сада предлагает вам устроиться без очереди за вознаграждение, просит купить для детей игрушки, технику, цветы или что-то подобное – СКОРЕЕ ВСЕГО, ОН ПРОСИТ У ВАС ВЗЯТКУ.




ЕСЛИ ВАШ РЕБЕНОК ИДЕТ В ШКОЛУ

Вы живете и зарегистрированы в районе, значит можете подать заявление в школу по месту проживания. Вообще ребенок имеет право попасть в первый класс любой российской школы, даже если у вас нет регистрации. Не взять в школу могут только по одной причине – нет мест. Тогда придется искать другую школу. В этом поможет региональное министерство образования. Если директор или завуч в школе предлагает вам место за вознаграждение, намекая на отсутствие регистрации (прописки), просит купить в класс проектор, жалюзи и т.п. – СКОРЕЕ ВСЕГО, ОН ПРОСИТ У ВАС ВЗЯТКУ.

ЕСЛИ ВЫ ПЕРЕЕЗЖАЕТЕ И ПЛАНИРУЕТЕ ПОМЕНЯТЬ ШКОЛУ

Это можно сделать даже в середине учебного года. Школа может не взять вас по единственной причине – если нет мест. Информация о наборе классов публикуется на сайте каждой средней общеобразовательной школы в обязательном порядке. Если директор или завуч в школе предлагает вам место за вознаграждение, мотивируя тем, что свободных мест «вообще-то нет», просит купить в класс технику или учебные материалы – СКОРЕЕ ВСЕГО, ОН ПРОСИТ У ВАС ВЗЯТКУ.

ВАШ РЕБЕНОК – ШКОЛЬНИК – ГОТОВИТСЯ СДАВАТЬ ЕГЭ

ЕГЭ – это бесплатный экзамен. К нему допускаются все ученики, у которых нет академической задолженности, а итоговые оценки – не ниже удовлетворительных. Если руководители или учителя школы просят оплатить допуск к ЕГЭ или за вознаграждение предлагают оказать помощь во время экзамена – СКОРЕЕ ВСЕГО, ОНИ ПРОСЯТ У ВАС ВЗЯТКУ.

ВАШ РЕБЕНОК – СТУДЕНТ – СДАЕТ ЭКЗАМЕН В ВУЗЕ

Есть учебный план, есть критерии, по которым принимаются экзамены. Если вы понимаете, что преподаватель завышает требования и намекает на вознаграждение – СКОРЕЕ ВСЕГО, ОН ПРОСИТ У ВАС ВЗЯТКУ.

ТЕПЕРЬ МЫ ПОДРОБНО РАССКАЖЕМ, ЧТО ТАКОЕ ВЗЯТКА

Взятка – это дача или получение должностным лицом материальных ценностей, например, денег, ценных бумаг, иного имущества, либо незаконное оказание ему услуг имущественного характера, предоставление иных имущественных прав за совершение действий (бездействия) в пользу того, кто дает взятку, либо иных лиц.

Обязательное условие – действие (бездействие) входит в служебные полномочия этого должностного лица.

Бывает взятка-подкуп, когда между тем, кто дает, и тем, кто берет взятку, есть предварительная договорённость.

Бывает взятка-благодарность, когда взятка передаётся за уже совершенное должностным лицом действие или бездействие (законное или незаконное) без предварительной договорённости.

ЧТО ТОЖЕ СЧИТАЕТСЯ ВЗЯТКОЙ

Если не только должностному лицу, но и его родным и близким передали деньги, ценности или оказали материальные услуги. При этом сотрудник был согласен, не возражал и использовал свои служебные полномочия в пользу того, кто дал взятку.

ВЗЯТКА СЧИТАЕТСЯ ПОЛУЧЕННОЙ, КОГДА

Человек её принимает в физическом смысле (берет в руки; кладёт в карман, сумку, портфель, автомобиль). Человек соглашается с её передачей (положили на стол, перечислили на счёт).

ИТАК, СОТРУДНИК ОБРАЗОВАТЕЛЬНОЙ ОРГАНИЗАЦИИ ПРОСИТ ВОЗНАГРАЖДЕНИЕ. ВАШИ ДЕЙСТВИЯ?

НЕ ПРЕДЛАГАЙТЕ И НЕ ДАВАЙТЕ ВЗЯТКУ! Иначе вы сами совершите преступление (статья 291 Уголовного кодекса Российской Федерации). Выслушайте требования вымогателя, чтобы обратиться в полицию. Когда вы останетесь один, немедленно звоните в полицию! Если у вас осталась запись разговора, сохраните ее для передачи в полицию.

КУДА ЗВОНИТЬ

«Горячая линия» по фактам коррупционной направленности для приема сообщений граждан:

Министерства образования и науки Республики Дагестан: 8 (8722) 51-79-0302;

общероссийский телефон полиции – 102, телефон доверия и email МО «Унцукульский район» - 8(8722) 55-64-86, mo_uncuk_raion@mail.ru

# Информация для граждан о новой мере социальной поддержки отдельных категорий граждан

ГКУ РД «УСЗН в МО «Унцукульский район» ин-формирует граждан, о том, что принято Постановление Правительства Республики Дагестан от 6 апреля 2022 года № 69 «Об утверждении Порядка предоставления меры социальной поддержки в виде единовременной денежной выплаты на оплату расходов, связанных с приобретением, установкой внутридомового газового оборудования и проведением газопровода внутри земельного участка, отдельным категориям граждан, проживающих в Республике Дагестан».

Данным Постановлением в целях оказания адресной социальной помощи отдельным категориям граждан в рамках догазификации Республики Дагестан введена новая мера социальной поддержки граждан в виде единовременной денежной выплаты на оплату расходов связанных с приобретением, установкой внутридомового газового оборудования и проведением газопровода внутри земельного участка, отдельным категориям граждан, проживающих в Республике Дагестан Выплата предоставляется следующим категориям граждан, постоянно проживающих и зарегистрированных по месту жительства в принадлежащих им на праве собственности жилых помещениях, на дату обращения, заключивших с газораспределительной организацией договор о подключении к сетям после 21 апреля 2021 года, а также выполнивших свои обязательства в рамках договора по подготовке домовладения к приему газа:

а) участники и инвалиды ВОВ;

б) вдовы погибших (умерших) участников и инвалидов ВОВ;

в) бывшие несовершеннолетние узники фашизма;

г) лица, награжденные знаком «Жителю блокадного Ленинграда»

д) ветераны ВОВ – труженики тыла;

е) инвалиды 1 группы;

ж) семьи, имеющие детей-инвалидов, со среднедушевым доходом, размер которого не превышает величину прожиточного минимума, установленного в РД, члены (один из членов) которых является собственником жилых помещений;

з) многодетные семьи, имеющие 3 и более детей в возрасте до 18 лет, со среднедушевым доходом, размер которого не превышает величину прожиточного минимума, установленного в РД, члены (один из членов) которых является собственником жилых помещений;

и) одиноко проживающие неработающие граждане старше 60 лет, являющиеся получателями пенсии, при условии, что размер их пенсии не превышает величину прожиточного минимума, установленного в РД для пенсионеров.

Данная мера социальной поддержки предоставляется вышеуказанным категориям граждан однократно и не более чем на одно жилое помещение в размере фактических расходов, но не превышающих 90 000 (девяносто тысяч) рублей.

Тел. для справок: 8989 445 82 02

# Министерство сельского хозяйства и продовольствия РД информирует

В рамках проводимой работы по расширению рынков сбыта продукции собственного производства КФХ и СПоК администрацией г. Махачкалы выдано Свидетельство (от 22.06.2022 № 483) на право реализации сельскохозяйственной продукции с 27.06.2022 по 27.07.2022 (при необходимости будет продлено) на придворовых площадках г. Махачкалы по следующим адресам:

ул. Джамбулатова,115; ул. Ахмеда Магомедова,2; Пр. Гамидова,36,50 и 81; Пр. И. Шамиля, 42.

В соответствии со Схемой размещения нестационарных торговых объектов (НТО) администрации городского округа «город Дербент» определены 8 площадок для реализации сельхозтоваропроизводителями урожая абрикоса, персика и другой плодоовощной продукции по следующим адресам:

ул. Буйнакского 70; ул. Мамедбекова; ул. Пушкина;
ул. 345 ДСД 2 «г»;
ул. 345 ДСД 19;
Пер. 25 лет Октября; ул. Ленина;
ул. Оскара.

# Къурбан хъвеялъул хIукмаби

«Къурбаналъул бидул тIири ракьалде бортилалде цебе гьеб тIири Аллагьас тIадегIанаб бакIалде бахине гьабулилан».

Тирмизияс бицараб цоги хIадисалдаги буго: «Къурбаналъул щибаб рас рикIкIун бетIергьанчиясе кири хъвалилан».

Къурбан хъвей муаккадал, ай нилъер Хирияс тIадчIей гьабурал, рес букIаго нилъецаги тезе бегьуларел суннатаздасан цояблъун ккола. ХIатта цо-цо имамзабаз фаризаяб бугин абулебги буго. Амма гьеб хъвезеян абун назру гьабуни, гьеб мехалъ гьеб Къурбан хъвезе тIадаб буго. Гьеб тIадаб Къурбаналъул щибниги жо кваназеги бегьуларо, кинабго, хIатта тIом-квасгицин мискинзабазе кьезе ккола. Гьединго кваназе бегьуларо васият гьабурав чиясдасан хъураб Къурбаналъул гьанги. Амма васият гьабурав чияс абуни, дидаса Къурбаналъе хъураб жоялъул кколеб бутIа мискинзабазеги кьун, хутIараб кванай,- абун, гьеб мехалъ кваназе бегьула. Васият гьабичIев хварав чиясдаса Къурбан хъвезе бегьи – бегьунгутIиялда хилаф буго. Хъвезе бегьулин абулел гIалимзабиги ругелъул, гьелдаса пайда гурони зарал щвеларо. Къурбан хъвезе суннатаб буго бусурманав, гIакъилав балугълъарав чиясе, Къурбан хъвеялъул хадусеб лъабабго къоялъги жиндиеги жинца хьихьизе кколел чагIазеги кваназе гIолеб жоги батани, гьелдаса тIокIлъараб жоялдаса Къурбан хъвей муаккадаб суннат буго. Рес рекъани, рукъалъул агьлуялъул щивасдаса хъвезеги суннатаб буго, амма цоясдаса хъуниги рукъалъул агьлуялъул киназдасаго суннат тIаса ккола. Къурбаналъе хъвезе бегьулел хIайванал варанига, чIегIерхIайванига, гIиялъажоги буго. Рес гьечIев чияс гIанкIу хъуниги, хъвезе бегьулиланги буго, Аллагь разилъаяв ибну ГIабасица гьедин абунилан буго. (Бал: «ШархIул Мафруз», 202 гьум.) Къурбаналъе бегьизе ккани, варанидул щуго сон тIубараб букIине ккола, чIегIерхIайваназулги цIаназулги кIиго сон тIубараб букIине ккола. ГIиялъажоялъул цо сон тIубараб букIине ккола, ялъуни анлъго моцIги тIубараб, цереса цабиги рортараб букIине ккола. Къурбаналъе хъолеб хIайван гьаналъе мукъсанлъи гьабулеб гIайибаздаса бацIцIадаб букIине ккола. Масала, цIакъго хIалакъабги бегьуларо, цIакъго рекъабги, цIакъго беццабги, цIакъго унтарабги бегьуларо, гIинзул цо бутIа къотIарабги бегьуларо, хъвалхьараб бегьула. Имам абу ХIанифилги имам Маликилги мазгьабазда рекъон гIинзул лъабго бутIа гьабун цо бутIа гIанисеб къадар къотIараб бугониги, гьебги бегьула. ГIундузул цо бутIа къотIараб гурони щолеб гьечIони, кIиявго имамасда нахъги рилълъун, гьебги хъвезе бегьула Къурбаналъе. ГIундул рорлъарабги, лълъурдул гьечIебги бегьула, балъ (суй) гьабурабги бегьула. ГIантаб бегьуларо, хъирис барабги бегьуларо, къинаб бегьулиланги абула. Къурбаналъе бищунго хъвезе хирияб варани



буго, хадуб чIегIерхIайван буго, хадуб гIиялъажо буго. Варанидулги чIегIерхIайваналъулги анкьил бутIаялда гIахьаллъиялдаса цо гIиялъажо хъураб хирияб буго. ЦIцIе хъвеялдаса квасул жо хъураб хирияб буго, квасул жоялъулги куй хъураб хирияб буго, куйдузда гьоркьосаги хъахIаб, лълъурдулги чIахIияб хирияб буго. Киналго хIайваназда гьоркьосаги чIахIиял, кьариял хъуни хирияб буго.

**КЪУРБАН ХЪВЕЯЛЪЕ НИЙЯТ ГЬАБИ**

Къурбан хъолеб мехалъ нийят гьабила: «Дица нийят гьабула дирго черхалдаса, яги дун вакил гьавурав пуланав чиясдаса суннатаб Къурбан хъвезе, Аллагьасе гIоло, Аллагьу акбар».

Назру гьабун бугони абила: «Дица нийят гьабула дида назру гьабураб Къурбан хъвезе (пуланасдаса яги жиндасаго) Аллагьасе гIоло, Аллагьу акбар»,- абун.

Нийятги Къурбан хъолеб гIужалъ гьабизе ккола. Къурбан жиндасаго хъолеб бугони, жиндирго кверalъ хъвезе суннатаб буго, жинцаго хъолеб гьечIони, хъолеб гIужалда аскIов вахъун чIезе суннатаб буго. Нилъер хирияв Аварагас (с. т. гI. в.) Аллагь разилъаяй жиндирго яс ПатIиматида абуна:

«Мун тIаде яхъа, дурго Къурбаналда аскIой яхъун чIа, гьелъул тIоцебесеб бидул тIири тIинкIараб мехалъ дур церехун арал мунагьал чурула»,-ян. ХIадис ХIакимица бицана кьучIаб иснадалдалъун.

Хъвезе цоги чи вакил гьавулев вугони, нийят гьаби вакиласде тIамизеги бегьула. ГIиялъажо хъолеб бугони, нийят цо чиясдасан гурони гьабуларо, кириялъулъ бокьа-бокьарал чагIи гIахьал гьаризеги бегьуларо. ЧIагояв чиясдаса Къурбан хъвезе бокьани, гьесул изну къваригIуна, изнуги гьечIого чIагояв чиясдаса хъураб Къурбан къурбанлъун букIунаро. Хварав чияс васият гьабун гьечIони гьесдаса Къурбан хъвезе бегьуларо, кьучIаб рагIиялда бан. Амма бегьизеги бегьулин, кириги щолилан абулел гIалимзабиги руго. Балагье: «Сиражул вагьгьажалде», «ЩархIул Мафрузалде», «Уммул баяналде», ва гь. ц.

Къурбан хъолев чиги Къурбаналъе хъолеб хIайванги КъиблабаялдехуН руссун рукIине суннатаб буго. Къурбан хъолеб мехалъ «Бисмиллагь» бахъила, цинги свалат битIила, цинги лъабцIул «Аллагьу акбар» абила, цинги гьаб дугIа цIалила:

«Аллагьума гьаза минка ва илайка фатакъабал мини»,-абун. Нусги лъухьун рекIинабизе суннатаб буго, хъолеб хIайванги бехьерхъун бачинчIого, бигьаго хадуб цIан бачина. Нусги хIайваналда бихьизе теларо, цояб хIайванги тIаде балагьун букIаго, гьелда цебе цогидабги хъвеларо, мукъулукъалда нусги хехго бахъила. Къурбан хъолеб гIуж байбихьула ГIидалъул къоялъ хочол къадаралъ бакъ бахун хадуса, гьеб ккола, бакъул тIогьиллъиги ун, бакъ хьахIлъараб заман, гьелдаса байбихьун ГIидалъул къоялъги хадусеб лъабабго къоялъги Къурбан хъвезе бегьула. Ахирисеб къоялъул маркIачIул гIужалда Къурбан хъвеялъул заман лъугIула.

Хъураб Къурбан назру гьабураб бугони, гьеб хъурасги, гьес хьихьизе кколел чагIазги кваназе хIарамаб буго, кванараб жоги мискинзабазе бецIизе ккола, къимат кьунги, кванараб къадар кьунги. Амма суннатаб Къурбан абуни, гьелъул цо бутIа, яги гьанал кесек мискинзабазе гIатIгояб хIалалда кьезе тIадаб буго, хутIараб гьан хъурасги, гьесул агьлуялъги кваназе бегьула, бакъвазе базеги бегьула. Лъабил цо бутIа мискинзабазеги кьун, цоги лъабил бутIа жинцагоги кванан, цоги лъабил бутIа сайгъат гьабуни, гьебги хирияб буго. ТIулалдаса кIиго-лъабго лукъманги кванан, хутIараб кинабго садакъаде кьезе суннатаб буго. Сайгъат гьабун бечедазе къураб гьан гьез бичизеги хIарамаб буго, мискинзабазе садакъа гьабураб гьан бичизе гьезие ихтияр буго. Белъун гьангун, гьеб кваназе гIадамал ахIизеги бегьула. Хъураб жоялъул тIом, квас садакъаде кьезеги бегьула, сайгъат гьабизеги бегьула, жинцаго какикь тIамун пайда босизеги бегьула, амма бичизе хIарамаб буго. Цо-цояз гьикъула Къурбаналъе хъураб жо бугони, гьеб мавлидги ахIун, гIадамазда кваназабизе бегьулищилан? Гьебги бегьула, амма цин мискинзабазе кколеб гьанал кесек батIа гьабизе ккела, хутIараб гьан, белъинеги белъун, мавлид ахIизе бегьула.

Аллагьас тавфикъ кьеги! Амин!

Пайдаяб малъи

# Карица



Карицаялъул цо чай гъуд къойида жаниб гьекъани бидулъ сахаралъул къадар гIемерго гIодобе ккола. Гьелъ къуват кьола черхалъе ва щула гьабула ракI. Гьединго карица гьекъезе бегьула кванирукъ унтун бугони, ай хроническияб гастрит бугони.

Карицаялъ лъикIаб асар гьабула гIумроялъул бокьараб ригьалда, цIакъго гьеб лъикIаб буго рухI-хIал дагьлъарал, ригь арал гIадамазе. Гьелъ чорхое лъикIаб къуват кьола. Гьелъ кутакалда кумек гьабула грипп щун бугони, щекъер унтун бугони, бахъула ччорбазул спазмаби, бронхиалияб астма, тIомол унтаби. Кванирукъ лъикI хIалтIулеб гьечIони захIматаб квен бигьиналъе кумек гьабула, газал ургьимесалда жанир чIезе толаро, гьелъул хIунси лъугIизабула.

* Чорхол цIайи гIодобе ккеялъе гьекъе (I/2 чайгъуд цо стакан кефиралда гъорлъги жубан). Цойги батIияб къагIидаялъ гьеб жубазабе дагьабго къадар гьоцIогун (I/2 чайгъуд карицаялъулги бан)

*Квачалъул унтуде данде хIадуризе бегьула гьадин. Гьализабе 200 мл. лъел дагьабго карицаги бан, гъорлъе рехе цо гвоздикаги ва цIуй, жубай бацIцIадаб гьоцIогун, тIаде тIинкIе лимон къанцIураб жо, гьекъе бухIилаго.

* Грипп щунгутIиялъе къойида жаниб кIиго-лъабго нухалъ хинаб чаялъулъе бан гьекъе. Гьебгун жубазе бегьула дагьабго гьоцIо ва перец.

* ЦIикIкIараб кислотность бугеб гастириталъе 400 мл. лъим гьализабе, бай цо гъуд карица, дагьаб мехалъ те, гьеб 4 нухалъ гьекъе, къойида жаниб кваналалда цебе

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 6. 7. 2022 г.
15. 10
фактически -17. 20 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.